

Ouvèti Gichè-chofè Sant Rekiperasyon

Katastwòf nan Pawas Sabine ak Vernon

Release Date: Septanm 17, 2020

BATON ROUGE, La.— Gichè-chofè Sant Rekiperasyon Katastwòf pral ouvè nan Leesville ak Many nan Dimanch 20 Septanm, pou ede sivivan Siklòn Laura yo.

Yon novo karakteristik nan sant yo se yon mwayen fasil ak ansekirite pou COVID-pou sivivan Laura yo ka eskane dokiman nan dosye yo.

Sant gichè-chofè a fonksyone daprè pwotokòl strik COVID-19 pou asire vizitè yo ansekirite. Kouvèti figi oswa mask obligatwa pou antre ak sèvis. Sivivan yo rete nan veyikil yo. Yon espesyalis ki gen yon mask figi pral resevwa dokiman yo nan fenèt la epi retounen yo.

Okenn randevou pa nesesè. Èdtan fonksyonman yo se 7 a.m. pou rive 5 p.m. sèt jou pa semèn.

Sant gichè chofè yo pral lokalize nan:

Vernon Parish

Vernon Sheriff's Office

203 Third St.

Leesville, LA 71446

Sabine Parish

Sabine Parish Courthouse

400 S. Capital

Many, LA 71449



FEMA

Page 1 of 2

Gen lòt sant ki déjà ouvè nan Louisiana. Sivivan yo ka vizite nenpòt sant ki ouvè. Pou lokalize sant ki pi pre a, rele Liy Èd FEMA, vizite www.DisasterAssistance.gov oswa egateway.fema.gov/ESF6/DRCLocator oswa telechaje Aplikasyon Mobil FEMA nan fema.gov/about/news-multimedia/app.

Sivivan yo pa bezwen vizite yon sant gichè chofè pou aplike oswa mete ajou aplikasyon yo. Pou mande kesyon endividyle oswa soumèt enfòmasyon:

- Rele Liy èd FEMA nan 800-621-3362 oswa TTY 800-462-7585
- Vizite disasterassistance.gov/
- Telechaje Aplikasyon Mobil FEMA nan fema.gov/about/news-multimedia/app

Prè pou Katastwòf Siklòn Laura U.S. Small Business Administration yo disponib pou sivivan katastwòf yo. Pou biznis nenpòt gwosè ak òganizasyon non-pwofi prive yo: jiska \$2 milyon pou domaj nan pwopriyete.

Pou ti biznis yo, ti biznis yo te angaje nan akwakilti e òganizasyon non-pwofi prive yo: jiska \$2 milyon pou bezwen woulman kapital katastwòf **menmsi yo pa gen okenn domaj nan pwopriyete. Gen yon prè maksimòm biznis pou \$2 milyon pou nenpòt konbinezon domaj nan pwopriyete ak bezwen woulman kapital.**

Pou pwopriyetè yo: jiska \$200,000 pou repare oswa ranplase rezidans prensipal yo. Pou pwopriyetè ak lokatè yo: jiska \$40,000 pou raplase pwopriyete pèsònèl, sa ki gen ladan veyikil yo.

Biznis ak rezidan yo ka aplike anliy nan www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance. pou w jwenn kesyon ak asistans pou ranpli yon aplikasyon, rele 800-659-2955 oswa imèl FOCWAssistance@sba.gov.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou Siklòn Laura, vizite www.fema.gov/disaster/4559 oswa swiv Kont Twitter Rejyon 6 FEMA nan twitter.com/FEMARegion6.



FEMA

Page 2 of 2